

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #5



Pale ak pitit ou a nan lang matènèl ou (yo) epi pataje kilti ou yo ak eksperyans ou yo ak li ap ede li ranfòse aprantisaj anglè li. Sèvi ak jwèt ak aktivite amizan sa yo nan nenpòt lang pou favorize devlopman langaj yo an jeneral.



Pale

Pale ak pitit ou a de katastwòf natirèl ki ka afekte zòn kote w ap viv la. Travay avè l pou nou jwenn yon plan sou sa fanmi ou ka fè anvan, pandan, ak aprè yon katastwòf natirèl. Aprè sa, ede pitit ou a prezante plan an bay rès fanmi an.

Sèvi ak kesyon ki anba yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Kisa k ap pase lè yon _____ frape?
- Kisa ki ka rive si ou _____?
- Ki kote nou ta dwe mete [a/an] _____?

Pwochèn fwa, pale sou fason ou ka ede kominote a nan moman bezwen.



Laboratwa Pratik Koute

Li oswa rakonte yon istwa. Ou bezwen yon lide istwa? Chwazi youn nan sa yo:

Yon konpetans ou aprann

Yon moun ou rankontre

Peyi orijin ou

Yon evènman espesyal

Yon difikilte ou simonte

Yon kote ki enteresan

Ede kominote a

Espò ou pi renmen an

Epi poze kesyon ki nan lis anba a:

- Ki lè _____?
- Kisa ki te pase lè _____?
- Kisa ki te pase _____?
- Pale m de _____.

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Pale m de chyen w lan. Li pi aktif pase chat mwen an.



Repons Rapid

1. Tou a tou, konpare bagay sa yo:

- pitza (pizza) ak anmbègè (hamburgers)
- jwèt videyo ak jwèt deyò
- montay ris ak lakou rekreyasyon
- gepa ak goril

2. Fè yon jwè konpare de premye objè yo nan 30 segonn.

3. Chanje jwè, fè lòt jwè a konpare de pwochen objè yo nan 30 segonn.

4. Jwè yo ta dwe konpare objè yo ak yon fraz konplè.

Egzanp:

Pitza pi bon pase anmbègè.

Pitza gen plis fwomaj pase anmbègè.

Pitza pi gou pase anmbègè.

Pwochèn fwa, kreye pwòp seri objè ou pou ou konpare.



SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #4



Bouje

Fè yon ti mache deyò ak pitit ou a. Pale de jounen nan lekòl la. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Ki lè ou _____?
- Kisa ou te fè lè _____?
- Èske _____?
- Èske _____?
- Èske I te amizan? Èske I te difisil?
- Pale m de _____.

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Kisa ou te fè nan rekreyasyon an? Mwen te jwe foutbòl pandan mwen te nan rekreyasyon an.



Atelye Atizay

1. Jwenn papye ak zouti pou kolorye.
2. Tou a tou, desine chema ki diferan.
3. Aprè chak tou, poze kesyon sou chema yo. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Pale m de desen w lan.
- Ki chema ou wè?
- Ki pwochen objè nan chema sa a?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:



Kabin Foto

Fè yon aktivite chak jou ak pitit ou a, tankou fè manje. Fè foto pandan aktivite a. Aprè sa, sèvi ak foto yo pou dekri pwosesis la. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Ki lesou w dwe tire lè ou kòmanse?
- Ki non engredyan sa a?
- Kisa ki ka rive si mwen _____?
- Kisa ki te pase lè mwen _____?
- Pale m de _____.

Ankouraje li reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Kisa ki pase lè mwen bese dife a sou fou a? Dlo a sispann bouyi lè ou bese dife a sou fou a



Mwen wè

Chwazi yon jwè pou ou kòmanse. Jwè sa a ap chwazi yon bagay oswa yon bèt an silans, yon bagay oswa yon bèt tout moun ka wè epi aprè dekri yo nan konpare yo ak lòt pou ka bay endis. Lòt jwè yo ta dwe devine kisa objè oswa bèt la ye.

Bagay pou konpare::

Koulè Fòm gwo karakteristik

Egzanp:

Mwen wè yon bagay ki ble tankou syèl la.

Mwen wè yon bagay ki pi gwo pase yon chèz.

Mwen wè yon bagay ki fè plis pase yon zaryen.

